



Pou Piblikasyon Imedya: 05/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NEW YORK TE RETOUNEN APEPRÈ 9.7 MILYON DOLA BAY KONSOMATÈ YO AN 2023

Komisyon Sèvis Piblik ak Divizyon Pwoteksyon Konsomatè yo ansanm te ede plis pase 51,000 Nouyòkè ak plent yo an 2023

Nan kad Semèn Pwoteksyon Konsomatè Nasyonal la, ajans Eta yo detaye kijan yo ede konsomatè yo dirèkteman; pibliye senk pi gwo kategori plent pou pwoteksyon konsomatè yo te resevwa an 2023

Nan kad Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Sèvis Konsomatè (Office of Consumer Services, OCS) nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la - branch pèsonèl Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la — ak Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP) Depatman Deta (Department of State, DOS) New York la te ede 276,000 fanmi New York avèk yon seri kesyon sou pwoteksyon konsomatè an 2023, sa ki te pèmèt yo retounen apeprè 9.7 milyon dola bay konsomatè yo.

Komisyon Sèvis Piblik la te fè prèske 25,000 investigasyon, sa ki lakòz Depatman an te retounen prèske 7 milyon dola bay konsomatè yo. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a te okipe 26,137 plent ak demann konsomatè pou retounen prèske 2.7 milyon dola bay konsomatè yo. Ane sa a, Semèn Nasyonal Pwoteksyon konsomatè a ap fèt soti 3 rive 9 mas.

"N ap remete lajan nan pòch Nouyòkè k ap travay di ki te viktim yon eskwokri oswa ki ke sèvis piblik yo te fè yo peye twòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an te fè yon gwo efò pou reponn plizyè milye plent epi retounen plizyè milyon dola bay fanmi New York yo. N ap kontinye travay pou pwoteje konsomatè yo epi rann biznis malonèt yo responsab."

Biwo Sèvis Konsomatè Depatman Sèvis Piblik la siveye kantite ak kalite plent yo te resevwa kont tout konpayi sèvis piblik k ap fonksyone nan Eta New York pou asire konpayi sèvis piblik yo reponn ak obligasyon yo pou bay sèvis kliyantèl ki efikas an konfòmite ak lwa, règ, règleman ak politik yo. Chak mwa, Biwo Sèvis Konsomatè yo fè

yon [rezime](#) detaye sou aktivite plent yo ak repons sèvis piblik yo ki enfòmatif pou konsomatè yo ak konpayi sèvis piblik yo.

Misyon Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la se pou ede, pwoteje, edike, epi reprezante konsomatè yo nan ekonomi k ap chanje a. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a travay di pou ede moun ki aflije nan mache a atravè efò medyasyon plent li yo, epi tou nan edike piblik la sou mache fwod yo, epi defann enterè konsomatè yo anvan kò lejislatif ak règlemantè yo.

Senk premye kategori plent konsomatè Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a te resevwa an 2023:

- Politik sou ranbousman/magazen an: Pwoblèm plent ki gen rapò ak ranbousman ak politik magazin yo, ki enkli politik pou retounen, frè pou restokaj, ak ranbousman pou pwodui andomaje.
- Kòmand/Livrezon: Plent ki gen rapò ak kòmand ak livrezon pwodui yo achte, ki enkli atik ki manke, pwodui yo resevwa ki pa bon, livrezon ki gen reta oswa repòte, oswa atik yo pa janm voye.
- Machandiz/Pwodui: Plent ki gen rapò ak machandiz oswa pwodui ki pa reponn ak atant konsomatè yo.
- Kat Kredi: Plent ki gen rapò ak chaj ki pa kòrèk, fakti, benefis kat ak taks an eksè ki ilegal.
- Amelyorasyon nan Kay: Plent ki gen rapò ak amelyorasyon nan kay, sèvis reparasyon ak kontraktè yo.

Pa egzanp, yon konsomatè nan Konte Columbia te achte yon seri nouvo aparèy kwizin pou plis pase 5,000, dola men imedyatman apre enstalasyon, fou a pa te fonksyone byen. Apre plizyè tantativ reparasyon, konsomatè a te toujou gen pwoblèm ak aparèy yo, kidonk li te kontakte revandè a pou ranbouse li. Revandè a te refize regran yo epi li te di ke yo ta sèlman ranplase yo pa nouvo inite, men konsomatè a pa te vle fè sa. Answit, revandè a te di ke li ta regran yo, men yo ta dwe aplike yon frè pou re-apwovizyonman paske yo te vin itilize aparèy yo kounye a. Answit, konsomatè a kontakte DCP pou asistans. DCP te kontakte revandè aparèy la epi atravè medyasyon li te kapab fè aranjman pou yon ranbousman konplè pou konsomatè a.

Anplis de sa, yon konsomatè nan Staten Island te achte amwa kwizin ki totalize plis pase 13,000 dola nan men yon gwo revandè ki te montre li te gen defo. Fabrikan kabinè a te enspekte yo epi li te di yo ta soumèt yon kòmand pou ranplasman. Apre yon ane ak anpil apèl telefòn san repons, konsomatè a te resevwa sèlman de pòt ranplasman. DCP te kontakte revandè a ak fabrikan, epi tousuit apre, yo te ranplase tout je amwa a.

Komisyon Federal sou Komès la (Federal Trade Commission, FTC) dirije plizyè evènman piblik pandan Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè a ki ankouraje sansibilizasyon sou pwoteksyon konsomatè. Tout evènman yo gratis pou patisipe epi ou ka jwenn yo [isit la](#).

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "PSC ak Depatman an konsantre sou rezoud plent sèvis piblik yo pou konsomatè yo nan Eta a epi asire konpayi sèvis piblik yo konfòme yo ak règleman pwoteksyon konsomatè yo. Objektif sa pèmèt nou pwomouvwa misyon istorik ak aktivite yo nan non enterè piblik la epi ede asire ke konpayi sèvis piblik yo ranbouse konsomatè yo lè sèvis piblik yo fè yon erè".

Sekretè Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pi gwo priyorite nou se pwoteje konsomatè yo kont pratik biznis fwod, pwodwi ki gen defo ak machandiz ak sèvis danjere yo. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta a fyè pou l ede moun nan edike yo sou fason pou yo pwoteje tèt yo kont eskamotè yo epi nan bay biznis yo konsèy sou lwa pou kreye yon mache ki jis pou tout Nouyòkè yo."

Biwo Sèvis Konsomatè Depatman Sèvis Piblik la kontwole tou plent kont konpayi sèvis enèji konpetitif (energy service companies, ESCOs) k ap fonksyone nan New York, ak kont resous enèji distribye (DER), yon eleman enpòtan nan tranzisyon Eta a nan enèji pwòp. An tèm ogmantasyon pwoteksyon konsomatè yo, Depatman an te kòmanse reglemante tou koutye enèji yo nan ane 2023, epi li toujou gen responsablite pou asire antite reglemante yo satisfè oswa depase règ ak règleman konsènan bay sèvis kliyantèl.

Anplis de investigasyon aktyèl sou bòdwo Central Hudson Gas & Electric Corp. la, Depatman an te resamman elaji investigasyon li nan New York State Electric & Gas Corp. (NYSEG) ak Rochester Gas and Electric Corp. (RG&E) konsènan posib move jesyon sistèm bòdwo sèvis piblik yo ak pwotokòl yo.

Nan kad investigasyon an, Defansè Konsomatè Depatman an te reyalize yon seri fowòm piblik nan zòn ki afekte yo nan mwa janvye ak fevriye 2023 pou tandè preyokipasyon konsomatè yo dirèkteman. Pwoblèm yo avèk sistèm bòdwo NYSEG ak RG&E yo te vin klè lè Depatman an te kòmanse wè yon gwo ogmantasyon nan kantite plent kliyan yo.

Kòm yon rezilta dirèk kantite plent san presedan konsomatè yo, pèsònèl Depatman an te kòmanse yon revizyon ak yon investigasyon ki gen rapò ak chanjman nan enfòmasyon kliyan ak sistèm bòdwo konpayi yo. Plent yo ke Depatman an te resevwa varye soti nan fakti enkòrèk yo voye bay konsomatè yo, bòdwo ki trè anreta ke yo voye, plizyè bòdwo konfli yo voye, oswa difikilte pou fakti kliyan enèji renouvlab yo.

An 2023, kantite plent konsomatè kont Central Hudson, NYSEG ak RG&E te monte a plis pase 1742, 4260 ak 2293 plent, respektivman; kat fwa plis pase kantite plent yo te resevwa an 2021 ak 14 pousan pi plis pase 2022.

An fevriye, PSC te adopte yon kredi bòdwo enèji Eta New York ki se 200 milyon dola ki te dwe administre pa sèvis piblik elektrik ak gaz, ki finanse nan Bidjè 2023-2024 la pou konpanse ogmantasyon nan pri machandiz enèji, sou demann sèvis piblik yo pou ogmantasyon to livrezon, ak presyon sou abòdabilite an jeneral. Kredi bòdwo enèji a se

yon kredi yon sèl fwa ki pral bay plis pase sèt milyon kliyan elektrik ak gaz soulajman sou bòdwo enèji yo.

Nan kad pwogram asistans pou konsomatè li yo, Depatman an bay konsomatè yo materyèl edikatif konplè, klè ak oryantasyon pou ede yo redui bòdwo enèji yo, prepare pou gwo freddi ak chalè ivè ak ete, epi aprann ak egzèsè dwa yo dapre lwa prensipal sou pwoteksyon konsomatè sèvis piblik nan New York yo, Lwa sou Pratik San Patipri nan Enèji nan Kay (Home Energy Fair Practices Act, HEFPA). Pèsonèl Depatman an enfòmè, edike ak rann otonòm konsomatè yo tou atravè sansibilizasyon an dirèk nan tout eta a, anpil resous edikatif pou konsomatè ak kanpay enfòmasyon konvenab pou konsomatè rezo sosyal yo.

Pou depoze plent konsomatè kont yon konpayi sèvis piblik oswa pou yo resevwa plis enfòmasyon sou sèvis pou konsomatè yo, klike <http://www.dps.ny.gov/complaints> oswa rele Liy asistans Depatman an nan 800-342-3377, lendi rive vandredi, 8:30am-4:00pm. Ou ka kontakte Depatman an alekri nan NYS Dept. of Public Service Office of Consumer Services (Biwo Sèvis Konsomatè Depatman Sèvis Piblik Eta New York), Three Empire State Plaza, Albany, NY 12223-1350.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la sèvi pou edike, asiste ak responsabilize konsomatè Eta a. Konsomatè yo ka depoze yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a nan <https://dos.ny.gov/file-consumer-complaint>.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)